



Apre yon Dyagnostik Kansè Pwostat

Si doktè te fè ou konnen ou gen kansè pwostat, ou pètèt te deja fè yon tès san PSA ak yon byopsi pwostat (yon tès kote doktè a pran yon tisi pou tcheké pou kansè). Lè doktè a jwenn kansè nan yon byopsi pwostat, li analize selil kansè yo pou konnen degré timè a. Sa rele yon eskò Gleason oswa Grad Gwoup epi se yon mezi rapidite kansè ka grandi. Doktè a ta ka fè kèk lòt tès pou ou sou selil kansè yo tou. Ou te ka gen plis eskanografi tou pou chèche konnen si kansè a simaye. Si kansè a pa t simaye, doktè a te ka fè ou konnen ou nan yon sèten gwoup risk pou sa k ap pase a.

Tretman yo pou diféran etap, degré ak gwoup risk kansè pwostat kapab diféran anpil. Kansè pwostat pa toujou bezwen trete touswit. Si doktè dekouvri li bonè epi si li se yon kalite k ap grandi dousman, doktè ou taka sijere obsèvasyon, atant vijilan, oswa siveyans aktif pito, sa ki vle di doktè a pral tcheké ou souvan pou wè si kansè a ap grandi oswa si l ap lakòz pwoblèm. Answit ou kapab resevwa tretman si sa rive.

Gen anpil; fason pou trete kansè pwostat, tankou operasyon, radyasyon ak medikaman tankou kimyo, terapi òmòn, terapi avèk medikaman sible oswa imino-terapi. Anpil fwa, plis pase yon kalite tretman nesesè pou swiv. Ou kapab resevwa sèten tretman tou si kansè ou simaye nan zo yo. Chwa tretman ou yo depande kalite ak etap kansè ou, rezulta tès yo sou selil kansè ou yo, pwoblèm sante ou ta ka genyen, laj ou ak chwa pèsonèl ou yo.

Li enpòtan pou konnen kèk kapab fè ou vin enpotan (ou pa kapab gen erekson) epi yo kapab afekte blad-pipi ou. Si ou ta toujou vle gen pitit, tretman an ta ka afekte fètilite ou tou (posiblite

pou ansent yon fanm). Si ou pale sou sa bonè anvan tretman ou kòmanse, doktè ou kapab ede ou deside ki tretman ki pi bon pou ou ak sa ki kapab fèt pou pwoteje fètilite ou.

Sonje pou poze doktè a kesyon sa yo:

- Avèk ki rapidite kansè pwostat mwen ka grandi?
- Nan ki etap kansè pwostat mwen ye, epi kisa sa vle di?
- Ki lòt enfòmasyon ou te aprann sou kansè pwostat mwen nan rezulta tès mwen yo?
- Èske mwen pral bezwen fè lòt tès?
- Èske mwen bezwen swiv tretman touswit?
- Si nou deside rete tann, kisa ki pral pase answit?
- Si nou deside sou tretman an, kilès ladan yo ou panse ki pi bon?
- Ki efè segondè ki posib pou mwen genyen genyen nan tretman an?
- Èske tretman an pral gen konsekans sou fètilite mwen? Èske gen nenpòt bagay ki kapab ede mwen avèk sa?

Sa pou espere pandan tretman an

Si ou deside sou tretman an, ekip swen kansè ou pral ba ou eksplikasyon sou plan tretman ou. Ekip sa a ka gen ladan diferan doktè, enfimyè, ak lòt travayè swen sante, selon kalite tretman ou bezwen an. Pa egzanp, si w ap gen yon pwostatektomi (operasyon pou retire pwostat la) oswa radyo-terapi, ekip swen kansè ou pral ede ou konnen sa pou espere anvan, pandan, ak apre tretman an. Si ou bezwen lòt kalite tretman, doktè ou oswa ekip swen kansè ou pral eksplike ou fason yo bay tretman an, ede ou pare pou sa, swiv fason ou ye, epitou ede ou avèk nenpòt efè segondè ou genyen. Ou ta ka fè tès san, radyografi, eskanografi nan sèten moman tou pou wè fason tretman an ap travay.

Se pa tout moun k ap swiv tretman pou kansè pwostat ki pral gen menm efè segondè. Pa egzanp, efè segondè operasyon pa menm avèk efè segondè tretman avèk kimyo, terapi medikaman sible, imino-terapi, oswa tretman avèk radyasyon. Epitou moun ki resevwa menm tretman an ta ka gen efè segondè diferan. Li enpòtan tou pou konnen si ou bezwen itilize metòd kontrasepsyón pandan tretman an.

Sonje pou poze doktè a kesyon sa yo:

- Kisa chwa tretman mwen yo ye? Kisa ou panse ki pi bon pou mwen epi pou kisa?
- Kisa objektif tretman an ye?
- Ki efè segondè mwen ta genyen, epi kisa mwen kapab fè pou yo?
- Kijan nou pral konnen si tretman an ap travay?
- Konbyen fwa mwen pral resevwa tretman an, epi konbyen tan l ap dire?
- Ki kote mwen pral resevwa tretman an, epi èske m ap kapab kondi oto?
- Èske mwen pral kapab fè aktivite nòmal mwen yo, tankou travay, egzèsis fizik, ak kontak seksyèl?
- Èske m ap bezwen itilize metòd kontrasepsyón pandan tretman an?

Sa pou espere apre tretman an

Apre tretman an, ekip swen kansè ou pral ede ou kontwole nenpòt efè segondè ou ta toujou genyen. Ou pral gen tès regilye pou tcheke si kansè ou retounen oswa pou tcheke si yon novo kansè te kòmanse nan yon diferan pati kò ou.

Pou kèk moun, kansè a ta ka pa ale nèt. Yo ta kontinye swiv tretman epi y ap toujou bezwen fè tès pou wè fason tretman an ap travay.

Sonje pou fè doktè ou oswa yon moun nan ekip swen sante ou konnen si ou gen efè segondè ki pa ale apre tretman an oswa si ou gen nenpòt novo sentòm.

Ou ta ka pase yon move moman tou pou siviv avèk chanjman yo nan kò ou apre tretman an. Pa egzanp, ou ta ka gen pwoblèm nan entesten, oswa pwoblèm seksyèl, oswa ou ka gen sikatris nan operasyon an oswa chanjman po nan radyasyon an oswa nan kimyo a. Si sa se yon enkyetid pou ou, pale avèk ekip swen kansè ou konsènan ki chwa ki disponib pou ede ou debouye ou.

Si tretman ou lakòz ou vin enpotan, pale avèk ekip swen kansè ou konsènan medikaman ki ta ka ede ou, konsèy seksyèl, bezwen pou itilize metòd kontrasepsyón, epitou pou jwenn èd avèk planing fanmi.

Menmsi ou te fin swiv tretman an epi ou ka santi ou byen, li enpòtan pou mande ekip swen kansè ou yon kalandriye regilye pou fè tès siplemantè pou tcheke si kansè tete ou retounen.

Sonje pou poze ekip la kesyon sa yo:

- Konbyen fwa m ap bezwen wè ekip swen kansè mwen?
- Èske m ap bezwen yon plan siplemantè apre tretman an?
- Èske mwen pral bezwen tès pou wè si kansè a retounen, oswa pou tcheke si gen pwoblèm nan tretman mwen?
- Èske m ap bezwen tès depistaj, tankou yon kolonoskopi pou jwenn lòt kansè komen yo bonè?
- Èske gen nenpòt efè segondè anreta oswa pou anpil tan mwen ta dwe siveye nan tretman an?
- Èske m ap bezwen itilize metòd kontrasepsyón after tretman an?
- Kilè epi kijan mwen ta dwe kontakte ekip swen kansè mwen?
- Ki kote ap kapab jwenn dosye medikal mwen yo apre tretman an?

Fason pou Rete an Sante

Gen kèk bagay ou kapab fè pou kenbe tèt ou an sante pandan ak apre tretman an pou kansè pwostat. Si ou manje byen, fè egzèsis fizik, ou vin gen ak rete nan yon gwochè ki bon pou sante ou, ou pa fimen, epi ou pa bwè alkòl, sa kapab ede ou Kèk nan bagay sa yo ta ka ede ou tou bese risk pou gen yon nouvo kansè pwostat oswa lòt kansè yo tou.

Sonje pou fè tès depistaj pou lòt kalite kansè yo epitou kontinye tcheke pou lòt pwoblèm sante. Pale avèk doktè ou sou fason pou fè tès depistaj la ak plan tès ki bon pou ou.

Fason pou kontwole santiman ou yo

Lè ou gen kansè pwostat sa ta ka fè ou santi ou pè, tris, oswa enève. Ou ta ka gen yon move moman pou debouye ou avèk chanjman nan fonksyon seksyèl ou, kontwòl blad-pipi ou, oswa lòt chanjman man kò ou apre tretman an. Li nòmal pou gen sansasyon sa yo, epi gen fason pou ede ou jere yo.

- Pa eseye kontwole santiman ou yo poukонт ou. Pale sou santiman ou yo, kèlkeswa sa yo ye.
- Pa gen pwoblèm pou santi ou tris, oswa deprime tanzantan, men kite ekip swen kansè ou konnen si ou gen santiman sa yo pou plis pase yon ti kantite jou.
- Fè aktivite ou renmen yo tankou ale nan sinema, manje dine nan restoran, pase tan deyò, oswa ale nan yon evènman espòtif, si doktè ou di pa gen pwoblèm pou sa.
- Chèche jwenn èd avèk travay tankou kwit manje ak netwayaj.

Ou ta ka vle kontakte zanmi, fanmi, oswa dirijan reliye oswa gwoup reliye. Kék moun jwenn li itil pou [ale avèk lòt moun ki te pase nan menm pwoblèm yo. Yon gwoup sipò kapab ofri ou sa. Lòt gwoup yo ta ka ede ou jwenn konsèy. Fè ekip swen kansè ou konnen fason ou santi ou. Yo kapab ede ou jwenn sipò kòrèk la.

Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd ak sipò chak jou, rele Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) nan nimewo **1-800-227-2345** oswa ale sou sitwèb nou nan **cancer.org/prostatecancer**.

Nou la lè ou bezwen nou.



cancer.org | 1.800.227.2345

HAITIAN CREOLE
©2022, American Cancer Society, Inc.
Nimewo 80818- Rev. 8/22
bbb.org/charity

